




CIVILIAN COMPLAINT REVIEW BOARD



Gid pou Medyasyon

Aprè ou fin depoze yon plent nan CCRB, yo ka ofri w chans pou w patisipe nan medyasyon..

Kouman mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou medyasyon?

Pou plis enfòmasyon sou medyasyon nan CCRB, tanpri kontakte Sipèvizè Medyasyon CCRB nan 212-912-3480. Enfòmasyon sou medyasyon disponib tou nan www.nyc.gov/ccrb

Kisa ki Medyasyon an?

Medyasyon se yon fason pou:

- Pale pou pwòp tèt ou
 - tande sa lòt moun gen pou di
- Medyasyon se sou rezoud konfli ou ak yon ofisye lapolis

Kisa k ap pase nan medyasyon an?

Nan yon medyasyon, ou menm ak ofisye a chita kòm egal - ak yon medyatè - nan yon espas konfòtab, trankil ak prive nan CCRB, pou pale sou rankont ki te mennen nan plent ou a.

Medyatè a se:

- yon pwofesyonèl antrene k ap gide konvèsasyon an.
- net epi li pa pran pati

Medyatè a pa jije oswa deside ki moun ki te gen rezon oswa antò

Objektif Medyasyon an se Konpreyansyon

Medyatè a ap mande oumenm ak ofisye a pou yo dekri sa k te pase a youn apre lòt. Ou lib pou w pale lide w epi eksprime santiman w epi pou w di ofisye a sa w te panse ki mal oswa ki blese sou konpòtman li. Medyatè a pral mande ofisye a pou l reponn kòmantè w yo epi pou l eksplike aksyon li ak pwendvi li.

Medyasyon souvan kreye konpreyansyon.

Ou menm ak ofisye a mete fen nan medyasyon an lè nou toulède satisfè ou te adrese plent la. Anpil sesyon medyasyon fini ak yon lanmen.

Medyasyon ba ou:

- kontwòl sou rezolisyon plent ou a
- chans ra pou pale dirèkteman ak yon ofisye lwen estrès ki nan lari a
- satisfaksyon pou di ofisye a ki jan li oswa aksyon li oswa mo li afekte ou
- satisfaksyon lè w konnen yo te tande w.



"Sa a te trè itil nan rive nan fèmen paske souvan sivil yo pa jwenn yon chans prezante pwèn de vi yo. without being in court."



(Foto pa/. Grell)

Kisa Moun Di De Medyasyon?

"Akòz atitid ofisye a nan lari a, mwen pa t panse li ta vle koute m. Men, nan medyasyon nou an, nou toulède te pale lib. Nou te rive jwenn yon pi bon konpreyansyon youn ak lòt."



"Ofisye a avèk mwen pa t toujou dakò. Mwen toujou satisfè paske mwen te gen chans pèsònèlman di ofisye a sa mwen te panse de konpòtman li."

Reyalite Enpòtan Sou Medyasyon

Medyasyon se yon bagay ki volontè epi ki pa disiplinè

Medyasyon se yon pwosesis ki pa disiplinè. Li se yon bagay ki volontè tou. Oumenm oswa ofisye a kapab refize òf la pou medyasyon. Si w deside nenpòt moman pandan medyasyon an medyasyon an se pa sa w vle, CCRB ap mennen investigasyon sou plent la pito.

Sesyon medyasyon an konfidansyèl epi yo pa ka anrejistre oswa anrejistre sou videyo

Piske medyasyon an konfidansyèl, ou menm ak ofisye a ka pale lib. Oumenm ak ofisye a dwe siyen yon fòm konfidansyalite ki dakò pou nou pa diskite sou sa yo te di pandan medyasyon an. Medyatè a siyen akò sa a tou.

Se sèlman sèten kalite plent yo kalifye pou medyasyon

Se pa tout plent ki kalifye pou medyasyon. Pa egzanp, ka yo kote ki gen blezi fizik grav, domaj pwopriyete oswa yon pwosè kont lapolis pa kalifye pou medyasyon.

Investigasyon

Pafwa yon plent pa apwopriye pou medyasyon epi CCRB ap mennen yon investigasyon pito.

Pandan yon investigasyon, CCRB ap eseye jwenn verite sou sa ki te pase a epi ap rasanble tout prèv posib, tankou anrejistreman odyo ak videyo ak deklarasyon ou menm, ofisye yo ak nenpòt temwen.

Chak investigasyon fini ak yon konklizyon sou ensidan an. Pafwa investigasyon an fini ak yon konklizyon kote ofisye a te komèt move konduit epi pafwa li pa t fè sa.

Ki Kote ak Kilè

Tout medyasyon yo fèt nan biwo CCRB yo nan dizyèm etaj nan 100 Church Street, nan Low Manhattan. Medyasyon yo pwograme lendi jiska vandredi, nan lè ki bon pou ou. Pifò sesyon yo pran apeprè inèdtan.



Pou plis enfòmasyon sou medyasyon CCRB:
212-912-3480



Aprann plis sou medyasyon sou sit entènèt nou an: www.nyc.gov/ccrb



NYC Civilian Complaint Review Board
100 Church St. New York, NY 10007